

Asistans jiridik

Si w ta renmen konnen si w kapab benefisye yon asistans jiridik gratis nan men youn nan ajan sèvis jiridik ki la yo, tanpri konsilte **Lyen Èd Jiridik (Legal Help Link)** la. Si w ranpli kondisyon yo mande yo, Lyen pou Èd Jiridik la ap oryante w pou w jwenn yon ajan sèvis jiridik ki apwopriye. Ou kapab mande yon rekòmandasyon avoka tou nan men **Sèvis Referans Avoka yo** pou w ka pran yon randevou 30 minit ak yon avoka ki gen yon tarif redui.



<https://delegalhelplink.org/>

Lyen Èd Jiridik Delaware la se yon sèvis ki posib gras a ajan sèvis jiridik sivil ki pa dèyè fè lajan nan Delaware e gras a lòt òganis kominote jidisyè a. Li fèt pou ede moun ki gen pwoblèm jiridik sivil nan Delaware, pou yo jwenn èd ki pi byen adapte ak sitiyasyon yo a.

Sit sa a pa bay referans ni sou dosye kriminel, ni sou domaj kòporèl, ni sou kontravansyon. Vizite sit entènèt **Sèvis Biwo Defansè** Delaware la pou w jwenn enfòmasyon sou dosye kriminel yo oubyen konsilte yon avoka prive si w bezwen lòt èd. Si w bezwen èd pou w jwenn yon avoka prive, tanpri kontakte **DSBA Lawyer Referral Service**.

- Rechèch Èd Jiridik (Legal Help Finder) – “Resous an liy sa a fèt pou ede moun ki gen pwoblèm jiridik yo nan Delaware.”
 - W ap reponn kèk kesyon konsènan ou menm ak pwoblèm ou an epi y ap oryante w pou w jwenn èd ki koresponn ak sitiyasyon w lan. Li bay referans pou dosye kriminel oubyen domaj kòporèl.
- Repètwa Èd Legal - Lis òganizasyon k ap bay yon èd legal

The logo for the Delaware State Bar Association (DSBA) is a circular emblem with a scale of justice in the center and the letters "D-S-B-A" below it.

Looking for a Lawyer?

Find the right one for you with our Online Lawyer Referral System

Get a 30 minute consultation for \$35.00

[Get Started](#)

The background of the advertisement shows two men in suits shaking hands.

<https://www.dsba.org/online-lawyer-referral-service/>

Pwogram Èd Jiridik Limite Pou Dosye Tribinal pou Kòz Lafanmi yo

15 minit asistans jiridik gratis. Avoka benevòl yo rankontre moun ki elijib men ki pa gen yon avoka ki reprezante yo pou yon randevou espesyal k ap dire kenz minit. Avoka a p ap pran randevou ak yon kliyan ki pa reprezante andeyò pwogram nan. Avoka a p ap reprezante moun ki gen dosye nan tribinal la tou.

Pa gen elijibilite nan revni pou sèvis sa a. Pou yo elijib, moun k ap mande èd yo dwe pa t benefisye yon asistans jiridik deja pou menm pwoblèm nan epi pwoblèm yo a dwe poze epi rezoud nan yon delè kenz minit. Moun k ap itilize sèvis lan dwe al jwenn ajan sèvis yo epi li dokiman referans yo pou yo jwenn yon èd siplemantè.


Aktyèlman, Pwogram Asistans Jiridik Limite a disponib nan Self-Help Center (sant oto-asistans) ki nan Leonard L. Williams Justice Center (ki te rele lontan New Castle County Courthouse), 2nd floor, 500 N. King Street, Wilmington, DE nan domèn:

Lwa Sivil Familyal: Chak Jedi 11:00 a.m jiska 1:00 p.m.

Sèvis sa a disponib sou randevou. Pou w pran yon randevou epi verifye si w elijib, ale nan Resepsyon an ki nan premye etaj la nan Leonard L. Williams Justice Center (palè jistis) oubyen rele nan 302-255-0476.

Dosye Kriminèl

Biwo Sèvis Defans



<https://ods.delaware.gov/>

Biwo Sèvis Defans lan jere kesyon reprezantasyon akize endijan yo: tout granmoun yo arete oubyen yo akize ki komèt yon krim ki ka lakòz yo ba l prizon epi ki pa gen mwayen pou l peye yon avoka; epi tout timoun yo arete oubyen yo akize ki komèt yon krim.

Konte New Castle: 302-577-5200

Konte Kent: 302-739-4476

Konte Sussex: 302-856-5310

Èd Martindale anliy pou w jwenn yon avoka

<https://www.martindale.com/find-attorneys/>

<https://www.lawyers.com/>

<https://www.lawyers.com/find-a-lawyer/>